



تَفْسِيرُ رَوْضَةِ الْعِرْفَانِ فِي مَعْرِفَةِ الْقُرْآنِ

Ayat 76-79 Surah An-Naml

Saenya-enyana,	وَإِنَّ
ieu Al-Quran ,	هَذَا الْقُرْآنَ
nyaritakeun Al-Quran,	يَقْصُّ
kana kisah Bani Isarel,	عَلَىٰ بَنِي إِسْرَءِيلَ
kana lolobana masalah,	أَكْثَرَ
anu maranehan-nana,	الَّذِي هُمْ
dina eta perkara,	فِيهِ
parebutan kabeh. (76)	يَخْتَلَفُونَ (٧٦)
Jeung saenya-enyana Al-Quran,	وَإِنَّهُ
yakin anu nuduhkeun,	لَهْدَىٰ
jeung rahmat,	وَرَحْمَةً
ka sakabeh jalma mu'min. (77)	لِلْمُؤْمِنِينَ (٧٧)
Saenya-enyana Pangeran maneh,	إِنَّ رَبَّكَ



DEWAN KEMAKMURAN MASJID “AL-WUSTHO”

Sekretariat: DKM Al-Wustho Lt.2 Jl. Pelabuhan II Gg. Warudoyong RT 005 RW 002 Kel/Kec. Warudoyong
Kota Sukabumi Jawa Barat 43133 | www.masjid-alwustho.com | ✉ masjidalwusthowardoy@gmail.com

eta ngahukuman,	يَقْضِي
di antara maranehan-nana,	بَيْنَهُمْ
kalawan hukum Alloh Ta’ala,	بِحُكْمِهِ
jeung ari Alloh Ta’ala,	وَهُوَ
anu Gagah,	الْعَزِيزُ
anu Uninga. (78)	الْعَلِيمُ (٧٨)
Maka kudu pasrah maneh,	فَتَوَكَّلْ
ka Alloh Ta’ala,	عَلَى اللَّهِ
karana saenya-enyana maneh,	إِنَّكَ
aya dina bener,	عَلَى الْحَقِّ
anu terang. (79)	الْمُبِينِ (٧٩)

Ayat 76 dugika ayat 79 nerangkeun:

Tina sawarehna bukti, yen Al-Quran samata-mata bener, wahyu ti Alloh Ta’ala, nyaeta nyarioskeun, masalah-masalah, anu diperbuatkeun ku Bani Isarel, nyaeta papaseaan, antara Yahudi jeung Nasrani, ngeunaan masalah Nabi Isa ‘alaihissalam. Ceuk Yahudi, Nabi Isa teh jalma jahat, kudu dibasmi, ceuk Nasrani, diagungkeun leuwih ti misti, nepi ka dianggap pangeran. Ku Quran diputuskeun, yen sabenerna, Nabi Isa ‘alaihissalam teh, lain jalma jahat, jeung lain pangeran, tapi Abdi Alloh, anu dipaparin wahyu, tuluy diangkat ka langit.